CAMBRIDGE HOUSING AUTHORITY

NEIGHBORHOOD NEWS

CAMBRIDGE HOUSING AUTHORITY

CAMBRIDGE HOUSING AUTHORITY
675 Massachusetts Ave.
Cambridge, MA 02139
Phone: 617-864-3020
Fax: 617-520-6420
www.cambridge-housing.org

KONSÈY KOMISYONÈ:
Jacqueline Adams
Gerard J. Clark
Warren McManus
Anthony Pini
James G. Stockard Jr.

Direktè Egzekitif:
Gregory P. Russ

Una versión en español de este boletín puede facilitarse a petición contactando la oficina central de la CHA.

Yon vèsyon jounal sa a kapab disponib nan (lang) sou demann lè w kontakte Biwo Santral CHA.

A versão em português deste boletim pode ser obtida através de pedido junto ao Escritório Central do CHA.

Jwenn 'Jounal Neighborhood' Sou sit entènèt:

CHA pral kòmanse distribye tout dènye nouvèl nou yo, chanjman pèsonèl ak règleman yo, ak resous elektwonik. Moun ki genyen sètifika lwaye ak pwopriyetè yo kapab chwazi pou resevwa dènye nouvèl nan chak trimès lè w anrejistre nan lis imèl CHA.

Anrejistre pou resevwa imèl CHA yo fasil. Senpleman klike sou bouton "Join Newsletter" Nan paj dakèy cambridge-housing.org epi rantre kontak enfòmasyon ou. CHA pral itilize enfòmasyon sa inikman pou bi kominikasyon epi li pa pral pataje l avèk lòt moun.

Moun ki anrejsitre pou vèsyon imèl jounal sa ap sispann resevwa vèsyon jounal enprime ki voye nan kay pa lapòs. Vèsyon jounal enprime a ap disponib nan Biwo Santral CHA pandan premye semèn nan mwa.

Redistribye Travay pèsonèl la

Nan Novanm 2011, CHA te fè chanjman nan fason Depatman Lojeman Lwaye fonksyone. Pèsonèl CHA yo kounye a responsab pou zòn travay spesifik nan pwosesis Sètifikasyon ak resètifikasyon olye de jere lwaye kay yo endividyèlman. Patisipan ak pèsonèl ap benefisye de yon pwosesis ki pi efikas ak pi fasil pou navige, epi amelyorasyon sa yo ap ede pèsonèl la pou spesyalize nan yon domèn epi reponn a demann ak enkyetid pwopriyetè ak moun ki genyen sètifika lwaye nan yon fason pi rapid ak efikas. HA te poste yon avi ofisyèl konsènan redistribisyon an nan mwa Mas. Si w pa t resevwa li, vizite cambridge-housing.org pou kapab li l.

Adrese Pwoblèm Sèvis Telefòn yo

Tanpri aksepte ekskiz nou pou nenpòt pwoblèm ou te ka eksperimante nan rele liy telefòn prensipal CHA pandan mwa ki sòt pase a. Nou te rankontre yon kantite pwoblèm avèk sistèm nan epi aktyèlman nou nan pwosesis pou chanje sèvis la de Verizon a yon lòt founisè.

Si w eksperimante pwoblèm pandan w ap rele kontwa sèvis kliyan CHA pandan peryòd sa, Tanpri imèl: webmaster@cambridge-housing.org oswa rele dirèkteman nan Depatman Lojeman Lwaye nan 617-494-6800.

"Misyon Cambridge Housing Authority se pou devlope ak jere san danje bon kalite, lojeman abòdab pou moun ak fanmi yo ki gen revni fèb nan yon fason ki pwomote depandans kominote ak sitwayènte."

MIZEAJOU PWOPRIYETÈ

Sispansyon Pèman Asistans Lojeman

CHA te fè yon detèminasyon administratif diskresyonè ke pèman lojeman pa pral peye pou patisipan ki pa konplete sètifikasyon yo nan dat egzat la. Nou pral voye yon avi bay patisipan ak pwopriyetè a pou notifye yo ke pèman yo te sispann. Pèman yo kapab retabli lè fanmi an konplete sètifikasyon an. Si w genyen nenpòt kesyon konsènan pèman ou tanpri Kontakte Claire Edouard, Ofisye Lwaye III nan 617-520-6270.

KWEN LOKATÈ YO

Kay Granmoun Aje ak Andikape Pral Resètifye Kounye a pou yon peryòd dezan

Nan Novanm 2010, Konsèy Komisyonè a te apwouve yon demann pou Pèmèt lokatè MTW granmoun aje ak moun andikape yo pou resètifye chak dezan. Chanjman an gen entansyon pou diminye yon kantite resètifikasyon ki fèt chak ane ak ogmante kalite ak efikasite sèvis la anjeneral a moun ki genyen sètifika lwaye yo.

Resètifikasyon chak dezan pral rantre anvigè ane sa a (2012) epi dat yo pral repati. CHA te voye lèt nan mwa Mas bay tout patisipan yo pou fè yo konnen ki lè pwochen resètifikasyon anyèl la ap rive. Kontakte Biwo Santral la si w pa resevwa yon lèt.

RAPÈL: Resètifikasyon HAP Ki Perime Pral Lakòz Sispansyon Pèman yo

CHA pral sispann Asistans Pèman (HAP) nan non patisipan yo ki pa konplete sètifikasyon anyèl yo nan dat limit la. Sa konsidere kòm Yon sètifikasyon perime epi se yon vyolasyon obligasyon fanmi an anba pwogram lan. Pèman yo kapab retabli si fanmi an konplete sètifikasyon an. Pou plis enfòmasyon, kontakte Claire Edouard, Ofisye Lwaye III nan 617-520-6270.

Poste Inite ki vid sou Entènèt

Yon rapèl ke pwopriyetè yo kapab poste inite ki vid sou sit entènèt CHA chak semèn. Kontakte Albertina Fernandes, Ofisye Lwaye Adjwen nan (617) 864-3020 oswa: afernandes@cambridge-housing.org.

Opòtinite Lojeman Disponib Nan Cambridge

Genyen kounye a kay ki vid nan plizyè pwopriyete pwojè nan Cambridge. Kay Pwojè lojeman konpoze de nouvèl konstriksyon pwopriyete avèk yon sètifika lojeman direkteman attaché a inite endividyèl la. Pèman lwaye egal a 30% de revni fanmi an epi aprè yon lane, rezidan yo elilib pou chanje a yon sètifika lojeman mobil .

Ki benefis pwopriyete ki baze sou pwojè? Yo founi yon pri abòdab pou lontan, epi se preske nouvo konstriksyon oswa apatman ki renove, pri lwaye a garanti a 30% oswa mwens nan revni an, epi rezidan yo gen opòtinite pou rete nan Cambridge. CHA tipikman pran non nan lis datant seksyon 8 la, men tou nou anmezi pou bay referans a moun ki genyen sètifika lojeman aktyèl yo. Si w enterese oswa genyen kesyon, tanpri kontakte Angelica Benzan nan abenzan@cambridge-housing.org pou fòm apwopriye yo.